

**Vil North Miami**  
**Sèvis Transpò**  
**Plan Pwogram Tit VI**



24 Jen 2014



## Sèvis Transpò Vil North Miami

### Plan Pwogram Tit VI ("Plan")

#### Misyon Plan An

Tit VI nan Civil Rights Act - Lwa Sou Dwa Sivil ane 1964 la entèdi diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, oswa peyi orijin moun nan pwogram oswa aktivite k ap resevwa asistans finansyè Federal. Pou antre nan plis detay, Tit VI di "yo pa dwe itilize ras, koulè, oswa peyi orijin okenn moun ki Ozetazini pou pa kite li patisipe, refize bay li avantaj, oswa fè diskriminasyon kont li nan okenn pwogram oswa aktivite k ap resevwa asistans finansyè Federal" (42 U.S.C. Seksyon 2000d).

Vil North Miami ("Vil") pran angajman pou pa gen okenn moun yo pa kite patisipe, oswa pa kite benefisye avantaj sèvis transpò li yo pou ras, koulè, oswa peyi orijin moun sa a, jan li kouvri nan Tit VI Federal Transit Administration (FTA) - Administrasyon Transpò Federal Sikilè 4702.1.B.

Nou te prepare plan sa a kòm yon pwosesis etap pa etap pou Vil North Miami ka swiv lè l ap dirije ak jere Pwogram Transpòtasyon Tit VI an. Kòdonatè Tit VI Vil North Miami an se Direktè Minisipal Adjwen an, ki chwazi Planifikatè Transpòtasyon an kòm delege li nan **NOMI Express Transit Service - Sèvis Transpò Eksprès NOMI (Sèvis)**.

#### Enfòmasyon Pou Kontakte Delege Tit VI NOMI Express Transit Service la:

John O'Brien  
Planifikatè Transpòtasyon  
1855 NE 142<sup>nd</sup> Street  
North Miami, FL 33181  
(305) 895-9883  
[transportation@northmiamifl.gov](mailto:transportation@northmiamifl.gov)

## **Anons Pou Piblik La**

Vil North Miami ap mete Plan sa a disponib nan lang sa yo: Anglè, Kreyòl, ak Panyòl pou pasaje NOMI Express Transit yo ka konnen dwa yo genyen pou depoze yon plent kont diskriminasyon ak angajman Vil la genyen pou konfòme li ak egzijans ki nan Tit VI yo. W ap jwenn Plan sa a sou sit entènèt Vil la: [www.northmiamifl.gov/nomibus](http://www.northmiamifl.gov/nomibus) epi nou mansyone li nan orè ak plan wout NOMI Express yo.

### **Dwa Sivil Ou Genyen**

Vil North Miami opere sèvis li yo san gade sou ras, koulè, ak peyi orijin moun konfòmeman ak Tit VI nan Lwa Dwa Sivil la. Nenpòt moun ki kwè li se viktim nenpòt diskriminasyon ilegal dapre Tit VI kapab depoze yon plent devan Vil North Miami sou adrès ki pi ba a. Pou plis enfòmasyon sou pwogram ak etap pou swiv pou dwa sivil Vil North Miami a, oswa pou depoze yon plent Tit VI, tanpri kontakte Vil la pa imèl sou [transportation@northmiamifl.gov](mailto:transportation@northmiamifl.gov) oswa rele biwo a nan 305-895-9883.

Tanpri fè nou konnen si w bezwen yo ede w jwenn yon Fòm Plent Tit VI ak/ou si w bezwen plis enfòmasyon sou jan pou ranpli fòm nan.

### **Enfòmasyon Pou Kontakte Delege Tit VI NOMI Express Transit Service la:**

John O'Brien  
Planifikatè Transpòtasyon  
1855 NE 142<sup>nd</sup> Street  
North Miami, FL 33181  
(305) 895-9883  
[transportation@northmiamifl.gov](mailto:transportation@northmiamifl.gov)

## PLAN ASISTANS AK LANG

### Rann Li Pi Fasil Pou Moun Angle Yo Limite Jwenn Aksè

Vil North Miami itilize enfòmasyon li jwenn nan Kat (4) Faktè Analiz n ap eksplike pi ba yo pou detèmine pwoblèm lang ki tounen yon baryè pou moun jwenn aksè nan sèvis, pwogram minisipal, ak aktivite li yo. Li te analize enfòmasyon yo te sanble pou detèmine pa ki mwayen North Miami ka kominike byen ak moun angle yo limite yo ak kijan lang jwe yon wòl esansyèl lè l ap planifye aksè nan Sèvis yo.

Kat (4) Faktè Analiz yo se yon evalyasyon lokal ki konsidere babay sa yo:

1. Kantite oswa pwopòsyon moun angle yo limite ki kalifye pou resevwa sèvis nou oswa gen plis chans pou itilize sèvis NOMI Express yo;
2. Kantite fwa moun angle yo limite itilize sèvis la;
3. Kalite ak enpòtans sèvis NOMI Express vil la genyen nan kominote a; ak
4. Resous Vil la genyen disponib pou sansibilize moun angle yo limite yo.

#### A- Kantite Moun Angle Yo Limite K Ap Itilize Sèvis NOMI EXPRESS

Pou nou ka konprann pwopòsyon moun angle yo limite ki kapab itilize Sèvis yo, North Miami evalye nivo alfabetizasyon yo an angle ak lang pa yo. Epi tou North Miami te idantifye nivo Sèvis yo te resevwa nan katye yo, malgre baryè lang nou te panse yo genyen.

An reyalyte, NOMI Express opere jiska (5) wout fiks nan tout Vil la ki touche prèske tout katye yo. Tout moun konnen Vil la gen yon gwo popilasyon ayisyen epi pifò nan moun sa yo rete nan pati sant oswa pati lwès Vil la.

Nou te itilize enfòmasyon ki nan United States Census Bureau's American Community Survey - Sondaj Sou Kominote Ameriken Biwo Resansman Etazini pou ane 2008-2012 la pou evalye nivo alfabetizasyon angle nan North Miami ak pou anrejistre kantite lang etranje yo itilize la (**gade Anèks A**).

Daprè Sondaj Sou Kominote Ameriken an, 41.6% popilasyon Vil la se moun ki gen orijin Karibeyen (san konte gwoup Ispanik yo). Sa vle di gen anpil moun ki pale yon lòt lang ki pa angle. Epi tou 28.9% di yo pale panyòl lakay yo. An plis, 13.4% di yo pa pale angle "trè byen."

Se pou rezon sa a y ap mete dokiman enpòtan North Miami ki gen pou wè dirèkteman ak Sèvis NOMI Express yo disponib nan twa lang epi y ap tradwi lòt dokiman oswa bay bon entèpretasyon pa bouch an kreyòl oswa panyòl lè gen bezwen.

## B- Kantite Fwa Moun Angle Yo Limite Itilize Sèvis Yo

Gen kote pasaje NOMI Express, ak moun angle yo limite yo ladan, te pran kontak ak Sèvis Vil la. Gen pwèn enfòmasyon sou wout ak sèvis otobis fiks yo nan depatman sèvis kliyantèl la. Li enpòtan pou Vil la fè sa li konnen pou pwèn kontak sa yo kouvri an angle, kreyòl ak panyòl:

- Kominikasyon ak pèsonèl sèvis kliyantèl NOMI Express
- Materyèl sansibilizasyon enprime tankou feyè
- Materyèl sou entènèt
- Reyinyon piblik, tankou reyinyon Konsèy Minisipal
- Afich ki gen pou wè ak sèvis, tankou anons ki anndan bis yo

## C- Enpòtans Sèvis NOMI Express Pou Pasaje Yo

Pi ba a w ap jwenn de (2) kesyon ak yon rezime repons yo te bay nan yon sondaj ki te fèt nan twa lang an 2010 pou konprann enpòtans NOMI Express nan kominote a.

W ap wè pi ba a klè tankou dlo kokoye, Sèvis NOMI Express nesèsè pou anpil rezidan ak moun k ap vizite vil la. Pifò nan pasaje yo, ki se 52%, depann sou Sèvis yo pou ale nan travay yo, sèvis kominotè nesèsè, sant komèsyal, ak randevou kay doktè. An plis, Sèvis yo sanble yo nesèsè ak vrèman enpòtan pou 63% pasaje yo ki itilize yo plis pase kat (4) fwa pa semèn. Apre nou konsidere tout bagay sa yo, nou konstate North Miami dwe fè tout sa li konnen pou lang pa yon baryè pou moun jwenn aksè nan Sèvis yo.

### Kijan w itilize NOMI Express pou vwayaje ant?

- Lakay ak travay: 22%
- Lakay ak makèt/sèvis: 30%
- Lakay ak lekòl: 28%
- Lakay ak arè bis Miami-Dade Transit ("MDT"): 17%
- Lòt rezon: 8%

### Konbyen fwa ou itilize NOMI Express?

- Yon fwa konsa: 17%
- 1 a 3 fwa pa semèn: 19%
- 4 ou plis fwa pa semèn: 63%

## D- Resous Ak Pri Pou Sansibilizasyon Anvè Moun Angle Yo Limite Yo

Vil la pran angajman pou bay resous ki nesèsè pou rann li pi fasil pou moun angle yo limite yo ka jwenn sèvis. Gen enfòmasyon disponib an twa lang (angle/kreyòl/panyòl) sou NOMI Express epi yo distribye yo nan twa fason sa yo ak lòt ankò:

- Paj sit entènèt
- Feyè
- Yon tradiktè ki disponib pandan reyinyon Konsèy Minisipal
- Lè sa posib, ap gen pèsonèl sèvis kliyantèl ki pale angle/kreyòl/panyòl disponib nan pifò depatman Vil la
- Afich anndan otobis yo.

- Nan wout pati santral ak pati lwès yo, nou gen objektif pou mete chofè ki bileng angle/kreyòl; nan wout pati lwès la, n ap mete sa ki pale angle/panyòl.

## **GWROUP K AP PRAN DESIZYON**

Vil North Miami pa gen yon komite ak/ou konsèy yo te vote, oswa okenn komite konsèy sou Sèvis sa yo.

## **NÒM SÈVIS ak REGLEMAN**

Paske NOMI Express gen jiska senk (5) wout transpò fiks, li pa oblije founi yon seri estatistik ki obligatwa pou sistèm ki gen 50 oswa plis wout transpò yo.

## **KONTAK**

Pou plis enfòmasyon sou Plan Tit VI NOMI Express la, tanpri kontakte delege Direktè Adjwen Vil la, pou Sèvis NOMI Express :

**John O'Brien**  
Direktè Transpòtasyon  
Vil North Miami  
1855 NE 142<sup>nd</sup> Street  
North Miami, FL 33181  
(305) 895-9883  
[transportation@northmiamifl.gov](mailto:transportation@northmiamifl.gov)

## Etap Pou Swiv Pou Pote Yon Plent Tit VI

### Jan pou pote yon plent Tit VI?

Yon moun ka depoze yon plent jiska san katreven (180) jou apre dat zak li di ki diskriminasyon an te rive. Nou mete yon kopi fòm plent yo nan twa lang yo - angle, kreyòl ak panyòl - nan **Anèks B**.

Fòm plent sa yo gen espas pou mete non, adrès postal, nimewo telefòn, ak adrès imèl. Epi tou yo gen espas pou eksplike ki jan, ki lè, ki kote ak pou kisa moun k ap pote plent la kwè yo te fè diskriminasyon kont li a. An plis gen kote pou mete adrès, non ak enfòmasyon pou kontakte nenpòt temwen ak/oswa lòt enfòmasyon yon moun k ap pote plent jije enpòtan.

Ou ka itilize Fòm Plent Tit VI ki nan Anèks B a pou depoze yon plent pou akize yon zak diskriminasyon. Ou ka depoze yon plent ekri epi voye li bay delege Vil North Miami a nan adrès sa a:

**John O'Brien**  
Direktè Transpòtasyon  
Vil North Miami  
1855 NE 142<sup>nd</sup> Street  
North Miami, FL 33181  
(305) 895-9883  
transportation@northmiamifl.gov

### Kisa k ap pase ak plent la apre m fin depoze li?

Kòdonatè Tit IV la ap regle dirèkteman tout plent k ap akize diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, oswa peyi orijin moun nan Sèvis oswa avantaj Vil North Miami ofri. Li ap bay asistans ki apwopriye bay moun k ap pote plent yo, tankou moun ki gen andikap oswa lòt ki gen limit pou kominike an angle. An plis, Kòdonatè Tiv VI Vil North Miami a ap fè tout efò pou regle tout plent yo byen vit epi ak anpil atansyon.

Pou ka yo akize diskriminasyon, y ap fè tout efò pou reponn plent Tit VI yo avan swasant (60) jou ouvrab apre yo resevwa anons sou plent sa a, oubyen avan sa. An plis, y ap anrejistre detay sou tout plent Tit VI sou yon journal pou kenbe enfòmasyon ki enpòtan pou chak ka (**Anèks C**).

Y ap voye yon lèt pa lapòs pou fè konnen yo te resevwa plent la anvan (7) jou pase (**Anèks D**). Si Vil la ta mande plis enfòmasyon, moun ki depoze plent la dwe kolabore ak Vil la epi bay enfòmasyon yo bezwen yo. Si moun ki depoze plent la pa bay enfòmasyon sa a nan yon tan rezonab, jan nou dakò nan etap pou swiv yo, yo ka fèmen dosye plent la.

## **Kijan moun ki depoze plent la ap fè konnen desizyon yo pran sou plent la?**

Vil North Miami ap voye yon repons ekri bay moun ki depoze plent la pou fè li konnen plent la te verifye (**Anèks E**). Kou yo fin sanble ak analize ase enfòmasyon sou envestigasyon plent la, Kòdonatè Tit VI Vil North Miami a ap redije yon repons ekri pou Avoka Vil la kapab revize ak bay konsèy li, kòm sadwa. Avoka Vil la ka deside si l ap fèmen dosye plent la ou pa. Nenpòt sa yo ta deside, Kòdonatè Tit VI a ap kontakte moun ki te depoze plent pou fè li konnen rezilta final la ak sa yo deside sou ka li a avan de (2) jou pase apre avoka a bay konsèy la.

An ka plent la pa ta verifye, y ap konseye moun ki depoze plent la dwa sa yo ki gendwa egzèsè: (**gade Anèks F**)

- 1- Konteste desizyon Direktè Minisipal North Miami a avan sèt (7) jou apre yo resevwa dènyè lèt la ak /ou
- 2- Depoze yon plent ak U.S. Department of Transportation - Depatman Transpòtasyon Etazini ak/ou Federal Transit Administration (FTA) - Administrasyon Federal Transpò.

Tanpri gade adrès yo ki pi ba a:

### **Direktè Minisipal North Miami**

Atansyon: Direktè Minisipal  
Vil North Miami  
776 NE 125<sup>th</sup> Street  
North Miami, FL 33161  
(305) 895-9888

### **Biwo Dwa Sivil Administrasyon Federal Transpò**

Atansyon: Kòdonatè Pwogram Tit VI  
East Building, 5th Floor – TCR  
1200 New Jersey Ave., SE  
Washington, DC 20590



# **Sondaj Sou Kominote Ameriken Enfòmasyon pou North Miami (2008-2012)**



DP02

SELECTED SOCIAL CHARACTERISTICS IN THE UNITED STATES

2008-2012 American Community Survey 5-Year Estimates

Supporting documentation on code lists, subject definitions, data accuracy, and statistical testing can be found on the American Community Survey website in the Data and Documentation section.

Sample size and data quality measures (including coverage rates, allocation rates, and response rates) can be found on the American Community Survey website in the Methodology section.

Although the American Community Survey (ACS) produces population, demographic and housing unit estimates, it is the Census Bureau's Population Estimates Program that produces and disseminates the official estimates of the population for the nation, states, counties, cities and towns and estimates of housing units for states and counties.

Subject	North Miami city, Florida			
	Estimate	Margin of Error	Percent	Percent Margin of Error
<b>HOUSEHOLDS BY TYPE</b>				
Total households	17,935	+/-560	17,935	(X)
Family households (families)	12,080	+/-391	67.4%	+/-2.2
With own children under 18 years	5,777	+/-392	32.2%	+/-2.3
Married-couple family	6,812	+/-419	38.0%	+/-2.3
With own children under 18 years	3,070	+/-343	17.1%	+/-2.0
Male householder, no wife present, family	1,305	+/-250	7.3%	+/-1.4
With own children under 18 years	546	+/-149	3.0%	+/-0.8
Female householder, no husband present, family	3,963	+/-418	22.1%	+/-2.3
With own children under 18 years	2,161	+/-324	12.0%	+/-1.8
Nonfamily households	5,855	+/-504	32.6%	+/-2.2
Householder living alone	4,758	+/-493	26.5%	+/-2.2
65 years and over	1,157	+/-211	6.5%	+/-1.1
Households with one or more people under 18 years	6,991	+/-352	39.0%	+/-2.3
Households with one or more people 65 years and over	4,312	+/-326	24.0%	+/-1.7
Average household size	3.23	+/-0.10	(X)	(X)
Average family size	4.05	+/-0.12	(X)	(X)
<b>RELATIONSHIP</b>				
Population in households	57,995	+/-310	57,995	(X)
Householder	17,935	+/-560	30.9%	+/-1.0
Spouse	6,871	+/-434	11.8%	+/-0.7
Child	21,137	+/-966	36.4%	+/-1.6
Other relatives	8,813	+/-984	15.2%	+/-1.7
Nonrelatives	3,239	+/-559	5.6%	+/-1.0
Unmarried partner	1,236	+/-233	2.1%	+/-0.4
<b>MARITAL STATUS</b>				
Males 15 years and over	23,170	+/-856	23,170	(X)
Never married	10,953	+/-674	47.3%	+/-2.4
Now married, except separated	8,787	+/-529	37.9%	+/-2.2
Separated	846	+/-240	3.7%	+/-1.0
Widowed	435	+/-128	1.9%	+/-0.5

Subject	North Miami city, Florida			
	Estimate	Margin of Error	Percent	Percent Margin of Error
Divorced	2,149	+/-351	9.3%	+/-1.4
Females 15 years and over	24,253	+/-649	24,253	(X)
Never married	9,575	+/-756	39.5%	+/-2.5
Now married, except separated	8,561	+/-524	35.3%	+/-2.3
Separated	1,215	+/-293	5.0%	+/-1.2
Widowed	1,766	+/-297	7.3%	+/-1.2
Divorced	3,136	+/-456	12.9%	+/-1.9
<b>FERTILITY</b>				
Number of women 15 to 50 years old who had a birth in the past 12 months	1,425	+/-297	1,425	(X)
Unmarried women (widowed, divorced, and never married)	739	+/-243	51.9%	+/-12.0
Per 1,000 unmarried women	75	+/-26	(X)	(X)
Per 1,000 women 15 to 50 years old	93	+/-20	(X)	(X)
Per 1,000 women 15 to 19 years old	20	+/-18	(X)	(X)
Per 1,000 women 20 to 34 years old	154	+/-38	(X)	(X)
Per 1,000 women 35 to 50 years old	55	+/-21	(X)	(X)
<b>GRANDPARENTS</b>				
Number of grandparents living with own grandchildren under 18 years	2,484	+/-419	2,484	(X)
Responsible for grandchildren	802	+/-251	32.3%	+/-8.7
Years responsible for grandchildren				
Less than 1 year	152	+/-106	6.1%	+/-4.1
1 or 2 years	243	+/-150	9.8%	+/-5.8
3 or 4 years	125	+/-100	5.0%	+/-3.9
5 or more years	282	+/-145	11.4%	+/-5.9
Number of grandparents responsible for own grandchildren under 18 years	802	+/-251	802	(X)
Who are female	543	+/-197	67.7%	+/-9.8
Who are married	522	+/-204	65.1%	+/-14.1
<b>SCHOOL ENROLLMENT</b>				
Population 3 years and over enrolled in school	18,209	+/-872	18,209	(X)
Nursery school, preschool	1,378	+/-291	7.6%	+/-1.6
Kindergarten	758	+/-215	4.2%	+/-1.2
Elementary school (grades 1-8)	6,146	+/-555	33.8%	+/-2.5
High school (grades 9-12)	3,660	+/-403	20.1%	+/-2.2
College or graduate school	6,267	+/-601	34.4%	+/-2.7
<b>EDUCATIONAL ATTAINMENT</b>				
Population 25 years and over	37,606	+/-708	37,606	(X)
Less than 9th grade	5,024	+/-603	13.4%	+/-1.6
9th to 12th grade, no diploma	4,465	+/-547	11.9%	+/-1.4
High school graduate (includes equivalency)	11,094	+/-800	29.5%	+/-2.0
Some college, no degree	7,374	+/-644	19.6%	+/-1.7
Associate's degree	2,657	+/-429	7.1%	+/-1.1
Bachelor's degree	4,423	+/-564	11.8%	+/-1.4
Graduate or professional degree	2,569	+/-347	6.8%	+/-0.9
Percent high school graduate or higher	(X)	(X)	74.8%	+/-2.0
Percent bachelor's degree or higher	(X)	(X)	18.6%	+/-1.6
<b>VETERAN STATUS</b>				
Civilian population 18 years and over	44,776	+/-695	44,776	(X)
Civilian veterans	1,490	+/-271	3.3%	+/-0.6

Subject	North Miami city, Florida			
	Estimate	Margin of Error	Percent	Percent Margin of Error
<b>DISABILITY STATUS OF THE CIVILIAN NONINSTITUTIONALIZED POPULATION</b>				
Total Civilian Noninstitutionalized Population	58,855	+/-175	58,855	(X)
With a disability	4,995	+/-459	8.5%	+/-0.8
Under 18 years	14,544	+/-696	14,544	(X)
With a disability	277	+/-120	1.9%	+/-0.8
18 to 64 years	38,293	+/-794	38,293	(X)
With a disability	2,680	+/-348	7.0%	+/-0.9
65 years and over	6,018	+/-484	6,018	(X)
With a disability	2,038	+/-277	33.9%	+/-4.5
<b>RESIDENCE 1 YEAR AGO</b>				
Population 1 year and over	58,484	+/-236	58,484	(X)
Same house	50,049	+/-976	85.6%	+/-1.6
Different house in the U.S.	7,455	+/-960	12.7%	+/-1.6
Same county	5,991	+/-912	10.2%	+/-1.6
Different county	1,464	+/-298	2.5%	+/-0.5
Same state	750	+/-234	1.3%	+/-0.4
Different state	714	+/-227	1.2%	+/-0.4
Abroad	980	+/-281	1.7%	+/-0.5
<b>PLACE OF BIRTH</b>				
Total population	59,362	+/-71	59,362	(X)
Native	29,992	+/-1,240	50.5%	+/-2.1
Born in United States	28,489	+/-1,245	48.0%	+/-2.1
State of residence	21,620	+/-1,210	36.4%	+/-2.0
Different state	6,869	+/-656	11.6%	+/-1.1
Born in Puerto Rico, U.S. Island areas, or born abroad to American parent(s)	1,503	+/-300	2.5%	+/-0.5
<b>Foreign born</b>	<b>29,370</b>	<b>+/-1,262</b>	<b>49.5%</b>	<b>+/-2.1</b>
<b>U.S. CITIZENSHIP STATUS</b>				
Foreign-born population	29,370	+/-1,262	29,370	(X)
Naturalized U.S. citizen	13,858	+/-828	47.2%	+/-2.6
Not a U.S. citizen	15,512	+/-1,155	52.8%	+/-2.6
<b>YEAR OF ENTRY</b>				
Population born outside the United States	30,873	+/-1,264	30,873	(X)
Native	1,503	+/-300	1,503	(X)
Entered 2010 or later	23	+/-29	1.5%	+/-1.9
Entered before 2010	1,480	+/-297	98.5%	+/-1.9
Foreign born	29,370	+/-1,262	29,370	(X)
Entered 2010 or later	862	+/-300	2.9%	+/-1.0
Entered before 2010	28,508	+/-1,242	97.1%	+/-1.0
<b>WORLD REGION OF BIRTH OF FOREIGN BORN</b>				
Foreign-born population, excluding population born at sea	29,370	+/-1,262	29,370	(X)
Europe	534	+/-193	1.8%	+/-0.7
Asia	764	+/-258	2.6%	+/-0.9
Africa	271	+/-161	0.9%	+/-0.5
Oceania	0	+/-32	0.0%	+/-0.1
Latin America	27,564	+/-1,258	93.9%	+/-1.3
Northern America	237	+/-167	0.8%	+/-0.6

Subject	North Miami city, Florida			
	Estimate	Margin of Error	Percent	Percent Margin of Error
LANGUAGE SPOKEN AT HOME				
Population 5 years and over	54,835	+/-468	54,835	(X)
English only	15,728	+/-1,387	28.7%	+/-2.6
Language other than English	39,107	+/-1,531	71.3%	+/-2.6
Speak English less than "very well"	18,136	+/-1,227	33.1%	+/-2.2
Spanish	15,856	+/-1,315	28.9%	+/-2.4
Speak English less than "very well"	7,322	+/-803	13.4%	+/-1.5
Other Indo-European languages	22,427	+/-1,459	40.9%	+/-2.6
Speak English less than "very well"	10,695	+/-1,111	19.5%	+/-2.0
Asian and Pacific Islander languages	565	+/-231	1.0%	+/-0.4
Speak English less than "very well"	93	+/-76	0.2%	+/-0.1
Other languages	259	+/-168	0.5%	+/-0.3
Speak English less than "very well"	26	+/-24	0.0%	+/-0.1
ANCESTRY				
Total population	59,362	+/-71	59,362	(X)
American	1,866	+/-453	3.1%	+/-0.8
Arab	91	+/-71	0.2%	+/-0.1
Czech	75	+/-75	0.1%	+/-0.1
Danish	72	+/-79	0.1%	+/-0.1
Dutch	192	+/-120	0.3%	+/-0.2
English	698	+/-189	1.2%	+/-0.3
French (except Basque)	490	+/-233	0.8%	+/-0.4
French Canadian	13	+/-23	0.0%	+/-0.1
German	1,157	+/-329	1.9%	+/-0.6
Greek	171	+/-137	0.3%	+/-0.2
Hungarian	83	+/-50	0.1%	+/-0.1
Irish	743	+/-218	1.3%	+/-0.4
Italian	1,093	+/-258	1.8%	+/-0.4
Lithuanian	60	+/-39	0.1%	+/-0.1
Norwegian	16	+/-18	0.0%	+/-0.1
Polish	376	+/-141	0.6%	+/-0.2
Portuguese	0	+/-32	0.0%	+/-0.1
Russian	417	+/-191	0.7%	+/-0.3
Scotch-Irish	59	+/-56	0.1%	+/-0.1
Scottish	162	+/-111	0.3%	+/-0.2
Slovak	0	+/-32	0.0%	+/-0.1
Subsaharan African	722	+/-316	1.2%	+/-0.5
Swedish	75	+/-96	0.1%	+/-0.2
Swiss	24	+/-29	0.0%	+/-0.1
Ukrainian	25	+/-39	0.0%	+/-0.1
Welsh	19	+/-30	0.0%	+/-0.1
West Indian (excluding Hispanic origin groups)	24,675	+/-1,489	41.6%	+/-2.5

Data are based on a sample and are subject to sampling variability. The degree of uncertainty for an estimate arising from sampling variability is represented through the use of a margin of error. The value shown here is the 90 percent margin of error. The margin of error can be interpreted roughly as providing a 90 percent probability that the interval defined by the estimate minus the margin of error and the estimate plus the margin of error (the lower and upper confidence bounds) contains the true value. In addition to sampling variability, the ACS estimates are subject to nonsampling error (for a discussion of nonsampling variability, see Accuracy of the Data). The effect of nonsampling error is not represented in these tables.

Fertility data are not available for certain geographic areas due to problems with data collection. See Errata Note #92 for details.

The Census Bureau introduced a new set of disability questions in the 2008 ACS questionnaire. Accordingly, comparisons of disability data from 2008 or later with data from prior years are not recommended. For more information on these questions and their evaluation in the 2006 ACS Content Test, see the Evaluation Report Covering Disability.

While the 2008-2012 American Community Survey (ACS) data generally reflect the December 2009 Office of Management and Budget (OMB) definitions of metropolitan and micropolitan statistical areas; in certain instances the names, codes, and boundaries of the

principal cities shown in ACS tables may differ from the OMB definitions due to differences in the effective dates of the geographic entities.

Estimates of urban and rural population, housing units, and characteristics reflect boundaries of urban areas defined based on Census 2000 data. Boundaries for urban areas have not been updated since Census 2000. As a result, data for urban and rural areas from the ACS do not necessarily reflect the results of ongoing urbanization.

Source: U.S. Census Bureau, 2008-2012 American Community Survey

#### Explanation of Symbols:

1. An '\*\*\*' entry in the margin of error column indicates that either no sample observations or too few sample observations were available to compute a standard error and thus the margin of error. A statistical test is not appropriate.
2. An '-' entry in the estimate column indicates that either no sample observations or too few sample observations were available to compute an estimate, or a ratio of medians cannot be calculated because one or both of the median estimates falls in the lowest interval or upper interval of an open-ended distribution.
3. An '-' following a median estimate means the median falls in the lowest interval of an open-ended distribution.
4. An '+' following a median estimate means the median falls in the upper interval of an open-ended distribution.
5. An '\*\*\*\*' entry in the margin of error column indicates that the median falls in the lowest interval or upper interval of an open-ended distribution. A statistical test is not appropriate.
6. An '\*\*\*\*\*' entry in the margin of error column indicates that the estimate is controlled. A statistical test for sampling variability is not appropriate.
7. An 'N' entry in the estimate and margin of error columns indicates that data for this geographic area cannot be displayed because the number of sample cases is too small.
8. An '(X)' means that the estimate is not applicable or not available.

## Fòm Plent Tit VI

Angle  
Kreyòl  
Panyòl

**Jounal Plent Tit VI**

**Lis Envestigasyon, Plent, Pwosè Tit VI**

<b>Kalite (Envestigasyon, Pwosè Oswa Plent)</b>	<b>Dat Plent La (Mwa, Dat, Ane)</b>	<b>Plent (Metè Rezon Plent La; Ras, Koulè, Oswa Peyi Orijin, Eksetera)</b>	<b>Sityasyon Plent La</b>	<b>Aksyon Ki Te Pran</b>



## Lèt Pou Fè Konnen Yo Te Resevwa Yon Plent

Dat

Non moun k ap pote plent la

Adrès moun k ap pote plent la

Chè (Mesye/Madanm):

Lèt sa a se pou fè w konnen nou te resevwa yon plent kote w akize:

---

---

---

N ap kòmanse yon envestigasyon talè konsa. Si w gen plis enfòmasyon ou ta renmen pataje ak nou oswa ou gen kesyon sou plent la, tanpri rele mwen nan 305-895-9882.

Ak tout senserite,

John O'Brien  
Planifikatè Transpòtasyon  
Vil North Miami  
1855 NE 142<sup>nd</sup> Street  
North Miami, FL 33181

## Lèt Pou Di Moun Ki Depoze Plent La Plent Li A Verifye

Dat

Non moun k ap pote plent la

Adrès moun k ap pote plent la

Chè (Mesye/Madanm):

Nou te envestige plent nan lèt ou te fè \_\_\_\_\_ kont Vil North Miami Sèvis NOMI Express kote ou akize yon vyolasyon Tit VI nan Civil Rights Act- Lwa Dwa Sivil ane 1964 ("lwa").

Nou te idantifye vyolasyon lwa ou te mansyone nan lèt ou a. N ap pran mezi pou korije pwoblèm sa a (yo) pou sa pa janm rive ankò.

Nou di ou mèsi paske ou te pataje sa ak nou.

Ak tout senserite,

John O'Brien  
Planifikatè Transpòtasyon  
Vil North Miami  
1855 NE 142<sup>nd</sup> Street  
North Miami, FL 33181

## Lèt Pou Di Moun K Ap Depoze Plent La Plent Li Pa Te Verifye

Dat Jodiya

Non moun k ap pote plent la

Adrès moun k ap pote plent la

Chè (Mesye/Madanm):

Nou te envestige plent ou te fè \_\_\_\_\_ (dat) kont Vil North Miami kote ou akize \_\_\_\_\_.

Rezilta envestigasyon nou pa te montre gen pwovizyon Tit VI nan Civil Rights Act- Lwa Dwa Sivil ane 1964 la ki te vyole. Jan w deja konnen, Tit VI entèdi diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, oswa peyi orijin moun nan pwogram oswa aktivite k ap resevwa asistans finansyè Federal.

Avoka Vil la te analize materyèl ak enfòmasyon ki gen pou wè ak dosye w la pou jwenn prèv Vil la pa te konfòme ak okenn lwa dwa sivil. Li pa te jwenn okenn prèv yo te vyole okenn nan lwa sa yo.

Se sa ki fè m ap fè w konnen plent ou a pa te verifye epi m ap fèmen dosye a.

Ou gen dwa pou 1) konteste desizyon an nan sèt (7) jou apre w resevwa desizyon final Vil la, ak/ou 2) depoze yon plent nan Depatman Transpòtasyon Etazini nan

Biwo Dwa Sivil Administrasyon Federal Transpò  
Atansyon: Kòdonatè Pwogram Tit VI  
East Building, 5th Floor - TCR  
1200 New Jersey Ave.  
SE Washington, DC 20590

Ak tout senserite,

John O'Brien  
Planifikatè Transpòtasyon  
Vil North Miami  
1855 NE 142<sup>nd</sup> Street  
North Miami, FL 33181

